

## Enfòmasyon sou Pwojè a

Anplwaye Konsepsyon Iben yo nan BPDA a ap lanse yon nouvo vizyon konsepsyon nan tout vil la pou sipòte yon domèn publik ki eksprime divèsite katye Boston yo, nan yon efò pou ankre yon sans apatenans nan mitan kwasans vil la. Konsepsyon an nan domèn publik la jan yo eksperimente l kapab enpòtan pèsonèlman ak kiltirèlman. Dirije yon vizyon konsepsyon ka ede konstwi yon anviwonman kap ogmante kapasite nou pou nou temwen ak eksperimente diferans kòm yon mwayen pou konstwi yon kominote ki an sante ak demokrasi. Vizyon sa a pral defann pouwwa transfòmasyon kominote dirab, mache, ak sipò pou tout moun, ki sipòte sante sosyal, mantal, ak fizik pandan y ap amelyore rezistans, abòdabilite, ak ekite. Atravè pwosesis sa a, nou espere ko-kreye yon vizyon konsepsyon ak kominote Boston yo pou atikile yon vizyon ki santré sou moun ki pral gide fason espas ak karakteristik fizik yo sipòte epi reflete Boston.

## Objektif Komite Konsiltatif Kominotè (CAB)

Manm Konsèy Konsiltatif Kominotè (CAB) yo konsidere kòm patnè kle nan fòme yon pwosesis planifikasyon ak konsepsyon enklizif. An kolaborasyon ak CAB, nou espere kreye yon plan ki reprezante valè ak objektif kominote yo sipòte ki ka pote pi devan nan aplikasyon etewojenite, (sipò divèsite ak diferans), nan tout katye yo.

Pou pi byen sipòte pwosesis sa a epi reprezante kominote a, n ap chèche patisipasyon aktif nan men manm kominote a ki reflete divès kalite orijin, enterè, eksperyans pratik, ak ekspètiz yo jwenn nan Vil Boston. Nou akeyi tout aplikasyon yo. **Nou espesyalman ankouraje aplikasyon moun ki pa te patisipe nan pwosesis planifikasyon anvan yo, men tou akeyi moun ki te patisipe oswa k ap patisipe kounye a nan gwoup konsiltatif pou lòt plan Vil la.**

## Objektif CAB yo

CAB a pral kolabore ak ekip pwojè a pou sipòte fòme apwòch pou angajman ak kominote a ak devlopman aplikasyon Vizyon Konsepsyon Boston. Manm CAB yo pral sèvi kòm yon komisyon rezonan pou lide ak rekòmandasyon preliminè pou ede rafine apwòch Vil la ak ekip konsiltan yo anvan angajman ak kontak nan tout kominote a. Gen kèk objektif angajman manm CAB yo enkli, men se pa sa sèlman:

Manm yo pral ede ko-kreye yon estrateji angajman efikas, enklizif ak konplè lè yo:

- Identife obstat pou kòmantè publik
- Enfòme devlopman materyèl kominikasyon ak mesaj inisyativ la nan ansanm kominote a
- Aji kòm anbasadè Vizyon Konsepsyon Boston nan ansanm kominote a
- Ede devlope epi kenbe transparans sou pwosesis planifikasyon nan ansanm kominote a

- Ede onore travay ki sot pase yo ak envèstisman tan moun yo lè w siyale diplikasyon efò ki soti nan plan anvan ak kontinyèl yo epi nan mete aksan sou kòmantè nan plan anvan yo ki ka enfòme nouvo pwojè sa a.
- Manm yo pral ede anrichi devlopman ak aplikasyon vizyon konsepsyon an nan:
  - Bay yon pèspektiv eksperyans ak konesans pèsonèl pratik ki gen rapò ak sosyal, kiltirèl, ak idantite Boston.
  - Asire yo reflete priyorite kominote a pandan tout pwosesis la
  - Enfòme ak ede amelyore pwosesis la nan enterè pou reprezante divès pèspektiv nan kominote Boston yo
  - Pote konesans nan pwosesis planifikasyon an pi lwen pase dokiman plan an pou sipòte atenn objektif kominote yo pandan pwochen aplikasyon.

## Wòl ak Responsabilite yo

Wòl egzat ak responsabilite yo ka chanje selon konpozisyon egzat la nan CAB. Anba wap jwenn eksplikasyon sou responsabilite jeneral manm CAB yo.

### **Manm CAB yo**

- Patisipasyon nan 3-4 sesyon angajman ak aktivite pi laj
- Patisipasyon aktif, ki gen sans nan **5** reyinyon Kominote Konsèy Konsilitatif
- Aji kòm anbasadè kominote a nan pwosesis la andeyò sesyon travay yo
- Reprezante divès enterè ak pèspektiv Boston ak/oswa katye espesifik ou
- Pataje resous ki egziste deja ak lòt manm yo nan kominote a an repons a kesyon ak demann ki soti nan yon angajman pi laj sou yon baz kontinyèl (jan sa nesesè)
- Konprann epi ede kominike dimansyon, konsantrasyon ak rezulta potansyèl pwosesis la
- Travay limite andeyò sesyon travay yo (pa egzanp, revizyon materyèl, rasanble enfòmasyon, pwomosyon estrateji angajman pi laj)

## Angajman tan CAB ak Tèm Sèvis

- Patisipasyon nan CAB yo gen ladan yon konpansasyon fiks
- Manm yo pral rete aktif pandan tout pwosesis planifikasyon an, ak travay yo prevwa pou kòmanse nan fen avril epi kontinye jiska Otòn 2023.
- Pral gen senk reyinyon CAB pandan tout pwosesis la, chak apeprè 2 èdtan. Reyinyon yo pral pwograme an patenarya avèk manm yo pou pèmèt tout manm yo patisipe nan tout senk reyinyon yo.
- Angajman tan yo espere se 20 a 30 èdtan, pwopaje nan reyinyon CAB yo ak lòt aktivite angajman ki gen rapò ak pwojè yo nan kominote a